

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan anu geus ngabaju minangka milik masarakat, beuki lila bakal leuwih asak konsépna.. Antukna jadi hiji tradisi anu aya patalina jeung kayakinan nu hésé dileungitkeun. Tradisi atawa adat istiadat anu masih kénéh mekar dina kahirupan masarakat, biasana dipertahankeun ngaliwatan sipat-sipat lokal anu dipibogana. Éta sipat-sipat lokal téh ahirna jadi hiji ajén kearifan anu dicekel pageuh ku masarakat. Ajén-inajén kearifan lokal nu masih kénéh aya, biasana dipertahankeun ku masarakat anu miboga tingkat kapercayaan nu kuat (Affandy, 2017, Kc. 93).

Anapon kabudayaan nu ilaharna muncul tina sikep, paripolah sarta élmu pangaweruh anu sacara historis dipiboga manusa salaku anggota masarakat. Ngagésérna ajén-inajén lantaran pangaruh jaman anu terus robah seperti téhnologi informatika sarta globalisasi. Tah éta parobahan téh aya positif jeung négatifna. Manusa moal bisa nolak yén fénoména kabudayaan mangrupa hal anu kusus pikeun manusa Bakker (dina Teng, 2017, kc. 69). Salahsahijina dina Runtuyan Upacara Adat Bantayan anu miboga ajén-inajén dijerona minangka warisan karuhun urang. Éta budaya téh perlu dimumulé ku cara diraksa jeung diriksa.

Upacara adat diwangun ku *dua* kecap, anu *kahiji* tina kecap *upacara* anu hartina ngalaksanakeun hiji kabiasaan atawa gempungan anu maké aturan, tanda panghormatan anu luyu jeung kabiasaan, tali paranti anu geus turun-tumurun. *Kadua*, kecap *adat* asalna tina bahasa Arab, anu hartina “*cara*” atawa kabiasaan. Dina basa Sunda geus biasa dilarapkeun ka manusa atawa sato, teu pernah dipaké pikeun nyabut perkara anu teu boga nyawa. Jadi, dina basa Arab adat sarua jeung tabiat (Mustapa, 1985, kc. 1).

Nurutkeun Koentjaraningrat (1980, kc.140) upacara nyaéta sistem aktivitas atawa tindakan jeung sagala rupa peristiwa sarta diatur ku adat atawa hukum anu berlaku di masarakat. Lian ti éta upacara adat miboga sababaraha unsur anu patali jeung prak-prakan lumangsungna éta upacara adat diantarana nyaéta (1) tempat lumangsungna upacara biasana nyaéta tempat anu sipatna suci atawa sakral. (2)

waktu diayakeunana nyaéta waktu anu dipercaya paling pas pikeun ngalaksanakeun éta upacara. (3) pakakas atawa alat anu digunakeun nyaéta pakakas anu wajib aya, saperti sasajén anu fungsina pikeun alat dina upacara adat. (4) jalma-jalma anu ilu biung dina éta upacara nyaéta jalma anu mingpin jalanna upacara sarta paham kana ritual upacara adat.

Wangun tradisi téh bisa pangaweruh, kabiasaan, prakték, jeung sajabana anu dilaksanakeun sacara turun-tumurun. Henteu ngan saukur kitu, tradisi ogé mibanda fungsi anu mangrupa kawijakan sacara turun-tumurun. Tempatna dina kasadaran, kayakinan norma, jeung ajén-inajén anu diagem dina barang atawa kagiatan jaman baheula. Dina tradisi nyangkaruk kana warisan historis anu boga mangpaat. Tradisi minangka gagasan jeung material anu dipaké manusa dina paripolah kiwari jeung keur ngawangun mangsa datang. Lian ti kitu, tradisi ogé méré légalitas kana sawangan hirup, kayakinan, jeung aturan anu geus aya.

Salahsahiji sumber légitimasi ayana dina tradisi. Manusa salawasna miboga kayakinan sanajan résikona paradoksal, nyaéta resiko anu patukang tonggong jeung pamadegan sacara umum, tapi senyana mah éta téh bener. Hiji paripolah bakal dilaksanakeun lamun batur ogé geus ngalaksanakeun ti baheula. Ngayakeun simbol idéntitas koléktif anu ngayakinkeun, ngawewegan loyalitas primodial nyaéta rasa satia bakti jeung paham anu di bawa ti leutik ngeunaan tradisi, adat istiadat jrrd ka nagara, komunitas, jeung kelompok (Wikipédia Sunda, 2017).

Tradisi daerah, tradisi kota jeung komunitas lokal sarua peranna keur masarakat atawa anggota dina widang anu tangtu. Jadi, bisa dicindekkeun yén fungsi tradisi nyaéta tempat panglumpatan sagala rupa kakuciwa, jeung kasugemaan sarta jadi gaganti kereueus keur masarakat anu krisis kasugemaan kana kahirupan modéren. Sakumaha anu geus dijéntrékeun di luhur, ayana upacara tradisi di masarakat mangrupa ébréhan nu aya patalina jeung rupa-rupa kajadian anu dianggap penting pikeun éta masarakat (Masduki, 2010, kc. 378). Penempatan penting dina kelompok masarakat teu sakabéh sarua pikeun kelompok masarakat séjén.

Kajadian-kajadian anu dianggap penting dilaksanakeun dina upacara katut runtuyan jeung tata carana anu rupa-rupa saluyu jeung kapercayan sarta tradisi anu geus dilaksanakeun sacara turun-tumurun Kusmayati (dina Cahyono, 2006, kc. 1).

Lamun dipatalikeun jeung kalungguhan tradisi jaman kiwari anu beuki lila beuki maju, salahsahijina barobahna fungsi anu saenyanan. Upamana manusa jaman kiwari ngurangan kareueusna kana ajén anu nyampak dina éta tradisi. Ku sabab pola pikir sabagian masarakat anu geus kapangaruhan ku téhnologi jeung pangaweruh anyar atawa modéren.

Leuwih hususna, tradisi téh prosés ngawariskeun norma-norma, adat istiadat, kaidah-kaidah, jeung harta banda anu bisa dirobah, ditolak, jeung diadumaniskeun dumasar kana paripolah manusa harita. Masarakat salaku wadah ngarojongna kabudayaan tangtu perlu mikanyaho kana kasurti budayana sorangan pikeun ngahasilkeun produk tina prosés kahirupan. Salah sahahijina ajén sosial budaya di masarakat Sunda kususna dina runtuyan Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol Kabupaten Bogor ditendeskeun ku Lestari (2013, kc. 3) yén disagigireun ayana ajén sosial budaya aya ogé simbol atawa sok disebut lambang nu dipaké pikeun nuduhkeun hiji hal séjénna dumasar kasapukan sakelompok jalma atawa masarakat. Ayana tradisi Bantayan dina acara jatukrami téh enas-enasna mah lain rék migusti tradisi tapi pikeun ngajak jeung ngasah kasurti. Demi tradisi nyaéta sagala rupa barang (material) jeung gagasan anu asalna ti jaman baheula ngan masih kénéh hirup nepi ka kiwari.

Ku kituna, urang salaku nonoman Sunda ulah nepi mophokeun akar budaya anu geus aya sacara turun-tumurun tur miboga ajén-inajén anu kacida luhurna. Upacara Adat Bantayan anu dilaksanakeun sabada akad nikah dimimitian ku nyawér, néma kana buka pintu, diteruskeun kana meuleum jeung miteskeun harupat, nincak endog, meupeuskeun kendi, huap lingkung, sarta sungkeman.

Maksud sarta tujuan tina ieu Upacara Adat Bantayan mangrupa pépéling atawa mapatahan ka pangantén keur nyanghareupan kahirupan rumah tangga ka hareupna, sangkan meunang kabagjaan boh di dunya boh di ahérat, jeung sangkan dijauhkeun tina kagoréngan kahirupan. Éta pépéling katitén tina réa ma'na anu nyampak dina sakabéh runtuyan Upacara Adat Bantayan. Lian ti éta, dina Upacara Adat Bantayan dibungkus ku simbul, silib, sindir, siloka jeung sasmita anu miboga ajén-inajén nu kacida hadéna utamana pikeun calon pangantén anu rék nyanghareupan kahirupan rumah tangga.

Salahsahijina aya dina nyawér anu di jerona méré maksud mapatahan ka pangantén duanana, supaya hirupna runtut raut reujeung kasenanganana, boh runtut saimah-imah boh jeung nu lian. Bagian munggaran tina nyawér aya nu disebut rajahna, boh dina sawér pangantén kawinan boh sawér sunatan. Tujuanana mah taya lian iwal ti miharep kasalametan keur sarérea, babakuna pisan keur nu boga karia reujeung panganténnna (Muchtar jeung Umbara, 1977, kc. 128-130). Salian ti éta anu mingpin bantayan kudu anu miboga watek humor jeung bisa ngawasa suasana (Muchtar jeung Umbara, 1977, kc. 143).

Panalungtikan ngeunaan ajén sosial budaya di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda kawilang jarang, panalungtikan anu saméméhna geus kungsi dilakukeun ku Mu'min Ishak Ramdhani (2017) nu medar ngeunaan "*Tradisi Motong Munggel di Désa Jaya Mukti Kecamatan Panca Tengah Kabupaten Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di kelas XII SMA (ulikan semiotik)*" dina wangun skripsi. Anu kadua, aya ogé panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Nurizka (2016) nu medar ngeunaan "*Simbol jeung Ma'na dina Runtulan Upacara Adat Ngaras di Kecamatan Balééndah Kabupaten Bandung*" dina wangun skripsi.

Anu katilu, panalungtikan ngeunaan "*Upacara Adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu Pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di Kelas XI SMA (ulikan semiotik)*" anu dilakukeun ku Yendi Apriana (2017). Anu kaopat, panalungtikan ngeunaan "*Strukturalisme jeung Ajén Sosial dina Upacara Adat Sedekah Bumi di Désa Cibuntu Kacamatan Pasawahan Kabupaten Kuningan Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA*" dina wangun skripsi ku Dwika Zella Oktaviani (2017). Anu pamungkas nyaéta panalungtikan ngeunaan "*Ajén Moral Dina Upacara Adat Ngeuyeuk seureuh Di Désa Cibodas Kecamatan Lémbang Kabupaten Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*" ku Lukman Nul Hakim (2014) dina wangun skripsi.

Dumasar kana pedaran ngeunaan upacara adat, sarta panalungtikan saméméhna can aya anu nalungtik ajén sosial budaya dina Upacara Adat Bantayan. Ku kituna, nu nalungtik ngarasa perlu pikeun ngayakeun panalungtikan dina wangun skripsi kalayan judul "*Ajén Sosial Budaya dina Runtulan Upacara Adat Bantayan di*

Kecamatan Jonggol Kabupatén Bogor". Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan janggélékan atawa jalanna runtuyan Upacara Adat Bantayan, mangpaat jeung fungsina sarta ajén-inajén anu nyampak kususna ajén sosial budaya dina runtuyan Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dijéntrékeun di luhur, masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Kumaha janggélékna/jalanna Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor?
- b. Naon baé fungsi jeung mangpaat Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor?
- c. Ajén-inajén naon waé anu nyampak dina Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta panalungtikan nuwuhkeun, ngajaga, ngariksa, tur ngamumulé basa jeung budaya Sunda nu aya di masarakat anu kiwari geus mimiti kalindih ku kabudayaan bangsa deungeun.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga sababaraha tujuan husus pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeyun:

- a. Janggélékna/jalanna Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor;
- b. Fungsi jeung mangpaat tina Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor;
- c. Ajén-inajén jeung pakakas anu aya dina runtuyan Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol, Kabupatén Bogor;

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat dina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa jadi nambahán pangaweruh nu maca, sarta bisa jadi salahsahiji référensi pikeun kaperluan anu aya patalina jeung panalungtikan ngeunaan ajén sosial budaya dina runtuyan Upacara Adat “Bantayan” di Kecamatan Jonggol.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun méré sumbangan pamikiran jeung pamadegan keur masarakat yén kiwari budaya masih dianggap hiji hal anu kaluar tina bagbagan agama. Ku sabab kitu dipiharep ieu panalungtikan bisa méré gambaran yén budaya bisa dikolaborasikeun jeung agama.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi sarta pangaweruh ka sakabéh pihak, utamana pikeun masarakat ngeunaan Ajén Sosial Budaya dina Upacara Adat Bantayan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan. Ieu ajén sosial budaya bisa jadi dasar dina Upacara Adat Bantayan anu sacara turuntumurun geus aya ti karuhun urang nepi ka jadi bahan rujukan ngeunaan sajarah pikeun lembaga-lembaga formal atawa non formal, sarta masarakat sacara umum.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep Dinas Kabudayaan jeung Pariwisata (Disbudpar) Kabupatén Bogor bisa leuwih merhatikeun sarta ngahirupkeun deui kana tradisi budaya lokal, kususna Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol Kabupatén Bogor. Sangkan asét budaya bisa jadi bahan publikasi kagiatan kabudayaan anu aya di lingkungan Kabupatén Bogor atawa di luar Kabupatén Bogor.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Mangpaat

panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II. Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal anu patalina jeung masalah panalungtikan, ti mimiti wangenan kabudayaan, sistim kapercayaan, sistim nilai, ciri-ciri nilai, sarta anu aya patalina jeung upacara tradisi hususna Upacara Adat Bantayan.

Bab III. Medar ngeunaan métode panalungtikan nu digunakeun dina panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, partisipan panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV. Eusina mangrupa analisis data nu patalina jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis nu dipatalikeun jeung tiori.

Bab V. Eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.